калық схема, поэтикалық көркем тил, көркемлеў қураллары ҳәм усыллары болады. Мине, усы схемаға өзиниң дөретиўшилик тәжирийбесинен, көркем поэтикалық дүньясынан импровизациялық усыллар арқалы атқарып шығыўға ерисе алады.

**Әдебиятлар**


1. Исмайлов Е. Ақындар, – Алматы: ҚМКӘБ, 1956.
2. Мақсетов Қ.Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. – Нөкис: Билим, 1996.
3. Қарақалпақ фольклоры (көп томлық). T.V. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1980.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқларнинг қадимий ва ҳозирги жараёндаги тўй қўшиқларининг импровизация дастури билан ижро этилганлиги сўз этилади. Қорақалпоқ фольклорида дастур қўшиқларининг бир тури бет ашар (келин салом) дастури аждодларимиздан мерос бўлиб келаётган этнофольклорлик оғзаки ижод намунаси. Бет ашар дастурининг импровизация усули билан ижод қилингани мисоллар билан баён этилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится, что свадебные песни в древнем и современном процессе каракалпаков исполняются с импровизационной программой. Разновидность программных песен в каракалпакском фольклоре, программа бет ашар (келин салом) представляет собой образец этнофольклорного устного творчества, унаследованного от наших предков. На примерах поясняется создание программы «бет ашар» методом импровизации.

**SUMMARY**. The article says that wedding songs in the ancient and modern process of the Karakalpaks are performed with an improvisational program. A type of program songs in Karakalpak folklore, the program bet ashar (kelin salom) is an example of ethno-folklore oral creativity inherited from our ancestors. Examples explain the creation of the “bet ashar” program using the improvisation method.


## ХАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРЫНА АЙЛАНҒАН ДӨРЕТПЕЛЕР


**Жолдасбаева Тамара –** *оқытыўшы*

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** адабиёт, фольклор, санъат**,** импровизация, импровизатор, жиров, шоир, халқ қўшиғи.

**Ключевые слова:** литература, фольклор, импровизация, импровизатор, жырау, поэт.

**Key words:** literature, folklore, art, improvisation, improviser, zhyrau, poet.


Халық қосықларының дөретилиўинде, раўажланыўында халық шайырларының тутқан орны үлкен. Халықлық өнерди ийелеген шайырлар поэзиясында қәлиплескен дәстүрлерден пайдаланып өз ҳаўазы менен шайырлық таланты менен халық қосықларын раўажландырады. XIX әсирде қарақалпақ сөз өнеринде халық аўызеки дөретиўшилиги менен жазба әдебият теңдей раўажланды. Халық оларды өзиниң мәдений, руўхый турмысында теңнен пайдаланды. Халық бир жағынан жыраўлардың атқарыўында батырлар жырын, толғаўларды, термелерди тыңласа, екинши жағынан ашықлық дәстанларын, қызық сюжетли қыссаларды, лирикалық қосықларды бақсылардың атқарыўында ямаса кәнигелескен китап оқыўшылар болған қыссаханлардың оқыўында тыңлады. Егер жыраўлар, бақсылар фольклорлық шығарманы атқарыўдың барысында импровизаторлық усылды көбирек қолланатуғын болса, қыссаханлар оқып отырған китабының текстинен шетлеп кете алмайды. Жазба әдебият кең халыққа көбинесе усындай жол менен тарқалған. Қарақалпақ әдебиятында улыўма сөз өнеринде жыраўлар, шайырлар, бақсылар, шешенлер (ораторлар), лаққыларда импровизациялық қубылыс, яғный сөзге таярлықсыз суўырып салыў, төкпе талантлылық қәсийетлерине, уқыпларына ийе болған. Бундай импровизациялық қәсийетке ийе болған дөретиўши тулғаларды биз ерте дәўирлерден көзге тасланатуғын халқымыздың көркем аўызеки дөретиўшилигинде, жыраў-шайырлар дөретиўшилиги (Соппаслы Сыпыра жыраў, Асан Қайғы, Доспанбет жыраў, Мүйтен жыраў, Жийренше шешен, Жийен жыраў) ҳәм XIX әсирдеги классик шайырлардан Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш ҳәм кейинги дәўирлердеги халық шайырлары Садық шайыр, Рам шайыр, Т.Жумамуратов ҳәм т.б. шайырлар дөре-

тиўшилигинде, күлкили сөз айтыўшыларды, лаққыларда, шешенлерде (ораторлар) ушыратыўға болады.

Қарақалпақ сөз өнериниң басы XVI-XVII әсирлер емес, ал әсирлердиң тереӊ төрине кетеди, басқаша айтқанда қарақалпақ сөз өнериниң сағалары әййемги түркий фольклор менен әдебиятына барып тақалады. Усы бай мийрасқа түркий халықлары сыяқлы қарақалпақлар да шерик екенлиги узақ жыллар даўам еткен илимий изертлеўлер нәтийжесинде дәлилленди. [1]

XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары ҳәм бақсылық ҳәм қыссаханлық өнерлерин қоса ийелеген. Олар өз шығармаларын жазба түрде дөреткен ҳәм көширме дәптерлер түринде таратқан. Бирақ, шайырлардың шығармалары оқыў жолы менен тарқалғаннан гөре тыңлаў жолы арқалы көбирек мәлим болатуғын еди. Анығырақ айтқанда, авторлардың өзлери шығармаларын жазып, қағазға түсирип болғаннан кейин дуўтар менен намаға салып айтып берген ямаса қыссаханлық жолына салып оқып берген. Олардың шығармалары басқа да бақсылар ямаса қыссаханлар тәрепинен көпшилик алдында атқарыла берген ямаса оқылған. Демек, XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары өз қосықларын ҳәм тыңлаўға ҳәм жеңил оқыўға бейимлестирип, халық поэзиясының дәстүрли силлабикалық қосық өлшеминде жазыўды үрдис еткен. Сонлықтан олардың поэзиясында жыраў, бақсылардың дөретиўшилигине тән синкретизм белгилерин аңлаў қыйын емес. Қарақалпақ сөз өнериниң тәбиятын жақсы билетуғын фольклоршы алым Қ. Айымбетов XIX әсирдеги қарақалпақ шайырларының жазба әдебияттың ўәкиллери болыўы менен қатар халық жыршыларының да ўәкиллери екенин, олардың «ҳәм шайыр, ҳәм жыршы, ҳәм қосықшы, ҳәм қыссахан болып» ҳәр тәреплеме қәлиплескенин, бул нәрсе олар жасаған тарийхый дәўирдиң ҳәм мәдений шараятлардың талабы екенин, сонлықтан олардың дөретиўшилигин үйренгенде тек жазба әдебияттың талаплары менен шекленип қалмастан халық поэзиясының талапларына да әмел қылыў керек екенин өзиниң халық шайырлары туўралы бир мақаласында дурыс ескертеди. [2.8] Халықтың миллий өзиншелиги, жан сезими, лиризм күнделикли өмири, турмысы-салты халық шайырлары поэзиясында барынша көринисин тапты. Халық шайырлары дөретиўшилигин халықтың қабыллаўы да күшли талғампазлық пенен өз раўажланыўын даўам етти.

Халық қосықлары халық өнерлериниң бири болып, узақ жыллардан берли халықтың руўхыятын байытып хызмет етип киятырған фольклор жанрларынан саналады. Халық қосықларындағы миллий колориттиң басымлығы, миллий өзгешеликти тереңнен сәўлелендирип ҳәр бир миллеттиң тәнҳа өзине тән болған сыпатларын халық шайырлары өзлестирип олардың раўажланыўына үлес қосып келди.

Фольклористикада фольклорлық шығармалар халық дөретпеси халық даналығының жыйындысы деп баҳа береди. Халықлық дөретпениң пайда болыўында индивидуал жеке автордың бар екенлигин илимпазлар айтып өтеди. «Фольклорды биз авторы намәлим, белгили бир жәмәәт тәрепинен дөретилген дөретпелер деймиз. Деген менен авторы белгили шығармаларда фольклорға кирип кетиўи мүмкин. Әжинияздың, Бердақтың, Жаңабай шайырдың гейпара шығармалары усындай. Олар гейпара тил өзгешелиги бойынша фольклорға жақын, халық сүйип өз мүлки қылып алған, ядынан шығармай айтады. Мысалы, «Бозатаў», «Ақсүңгил», «Айжамал» ҳәм т.б. [3]. «Жәмәәтлик творчество тек жәмәәттиң творчествосы ҳәм жеке шайырлардың творчествосы болып ғана қалмастан - бул творчество улыўма көпшиликтиң де, жеке өнер адамының да, пүткил халықтың бирлесип дөреткен мүлки болып қалады» [4] деп көрсетип өтеди.

**Әдебиятлар**


1. Сағитов И. Әдебият тарийхын қайсы дәўирден баслаў керек? «Әмиўдәрья» № 11. 1968
2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.
3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1996, 4-бет.
4. Бердиев Р. Жыршылық дәстүр. -А.: 1980, 42-б.


**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқларнинг қадимий қўшиқларининг ижро этилганлиги сўз этилади. Қорақалпоқ фольклорида халқ қўшиқларининг аждодларимиздан меърос бўлиб келаётган этнофольклорлик оғзаки ижод намунаси.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится, что свадебные песни в древнем и современном процессе каракалпаков исполняются с импровизационной программой. Разновидность программных песен в каракалпакском фольклоре, представляет собой образец этнофольклорного устного творчества, унаследованного от наших предков.

**SUMMARY**. The article says that wedding songs in the ancient and modern process of the Karakalpaks are performed with an improvisational program. A type of program songs in Karakalpak folklore, the program is an example of ethno-folklore oral creativity inherited from our ancestors.

## ҚАҲАРМАНЛЫҚ ДӘСТАНЛАРДАҒЫ ХОШЛАСЫЎ ҚОСЫҚЛАРЫ

**Куламбетова Жаңыл** - *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** адабиёт, фольклор, санъат, импровизация, импровизатор, жиров, шоир, халқ қўшиғи.
**Ключевые слова:** литература, фольклор, импровизация, импровизатор, жырау, поэт.
**Key words:** literature, folklore, art, improvisation, improviser, zhyrau, poet.

Эпослық дөретпелер тек оның идеялық мазмуны менен ғана емес, ал көркемлик формасы менен де баҳаланады. Қарақалпақ халық аўызеки дөретпелериндеги хошласыў қосықлары дәстанның идеялық мазмунында, соның менен бирге оның көркемлик формасында да айрықша орын тутады. Бул ҳаққында көрнекли алым Қ.Айымбетов былай деп көрсеткен еди: «Муң-шер жырларының бири хошласыў болып аталады. Муң-шер жырларының хошласыў түри өткендеги халық өмиринде аўызеки әдебиятында орын алған. Батырлар жаўға атланғанда жери менен, ата-аналары менен, ата-аналар балалары менен хошласыўлар халық дәстанларында көплеп ушырасып отырады». [1] Халық дәстанларының композициясы бир дәўирлердеги көркем дөретпелердиң дөрелиў нызамлылықлары тийкарында пайда болып, сол дәўирдеги жәмийеттиң тарийхый ҳәм де сиясий жағдайларына тығыз байланыслы болып келеди. Халық дөретпелериндеги сыртқы жаўларға қарсы гүреслери, батырлар образының берилиўи арқалы көрсетилиў менен дәстанның тийкарын қурап, ҳақыйқат халықлық белгилерин дәлиллейди. Узақ дәўирлер даўамында пайда болған қаҳарманлық дәстанларда туўған жерди сырт ел басып алыўшыларынан қорғаған, ҳәр тәреплеме жетилискен қаҳарманлардың образлары сөз етиледи. Қаҳарманлық образлар ҳәр қыйлылығы жағынан таңландыратуғын аўызеки халық творчествосының бай әдебий усыллары арқалы дөретилген. Қаҳарманлық эпосларда, улыўма қарақалпақ аўызеки халық дөретпелеринде қаҳарманлық образларының дөретилиўи тосаттан пайда болған емес. Халықтың әдилликке умтылыў идеясы сол халықтың барлық руўхый әрманларын өз бойына сиңдирген. Бундай алдыңғы қатардағы идея халық тәрепинен дөретилген батырлардың ең жақсы образлары менен иске асырылған. Қарақалпақ халқының арасында кеңнен таралған белгили дәстанлардың бири «Алпамыс». Дәстанның тийкарғы идеясының ашылыўы, Алпамыстың Баршынды алыўы, оның батырлық, ер-жүреклик қәсийетлери, Қаражан менен досласыўы, Тайшыханға қарсы гүрес алып барыўы, ишки ҳәм сыртқы душпанлардың қыйратылыўы избе-излик пенен дәлилленип отырады. Алпамыстың Тайшыханға қарсы гүреси, оның бул гүресте жеңиске ерисиўи бир жағынан зулым патшаларға қарсы халықтың гүресиўин ҳәм жеңиўин аңлатса, екиншиден, Алпамыстың Әшим менен досласып, оның әпиўайы шопанды хан көтериўи дәстанның халықлық идея менен суўғарылғанлығын көрсетеди. Дәстандағы кеўил аўдарарлық нәрсе Қаражан менен Алпамыстың дослығы. Бул дәстанның идеялық бағытының ең жақсы көрсеткишлеринен есапланады. Олардың дослығы тек еки батырдың дослығы болып қоймастан, әдиллик тәрепдары еки халықтың бир-бирине ең жақын ҳәм дослық тилегин билдиреди. Дәстанда өткен дәўирдеги қарақалпақ халқының күн көриси, үрп-әдети, дәстүрлери, ойын-заўықлары кең сүўретленеди. Булардың ҳәммеси дәстанның идеялық бағыты, қаҳарман образлары, дәстанның көркемлик өзгешеликлери менен байланыста берилген. Бунда қаҳарманлардың ишки ой-сезимлери, қуўанышы-күйиниши, басқа да тилек-әрманлары салт-дәстүр жырлары арқалы жүдә жан-